



Fair Play Off The Pitch

**Konnen Dwa Ou. Konnen Siy yo.
Konnen Ki Kote Pou Jwenn Èd.**

Gwo fèt espòtif yo ka kreye opòtinite pou kwasans ekonomik ak selebrasyon nan kominote a. Men yo kapab ogmante risk eksplwatasyon travay, trafik moun, move kondisyon travay, ak vyolans domestik, espesyalman pou travayè imigran, jèn yo, travayè tanporè, ak lòt moun ki pi vilnerab nan kominote a.

Tout moun merite diyite, sekirite, yon salè jis, ak pwoteksyon — sou teren an ak andeyò teren an.

ANVAN MATCH LA KÒMANSE: KONNEN SA

Estatimigrasyon ou pa retire dwa ou genyen nan travay la.

- Ou gen dwa resevwa tout lajan pou tout travay ou fè.
- Patwon ou pa gen dwa kenbe paspò ou oswa lòt dokiman idantifikasyon ou.
- Menas depòtasyon ka yon siy eksplwatasyon travay oswa trafik moun.
- Èd ka disponib menm si ou pa gen papye.

PA PRAN KATON WOUJ NAN TRAVAY LA

Dwa Travayè yo nan Massachusetts

Tout travayè gen dwa kèlkeswa estatimigrasyon yo. Ou gen dwa:

- Resevwa tout salè ou alè
- Resevwa omwen salè minimòm legal la
- Resevwa peman lè sipleman (overtime) lè ou travay plis pase 40 èdtan pa semèn
- Travay nan yon anviwònman ki an sekirite
- Pran repo lalwa egzije yo
- Rapòte kondisyon travay ki pa an sekirite oswa ki pa jis
- Pa sibi revanj paske ou egzèse dwa ou
- Kenbe pwòp dokiman idantifikasyon ou

Men kèk egzanp sou vòl salè ak vyolasyon nan travay:

- Lè sipleman yo pa peye w
- Fòse w travay san yo pa konte lè yo
- Vòl kòb bakchich (tips)
- Yo klase w kòm "kontratè endepandan" lè lalwa pa ta dwe fè sa
- Menas depòtasyon oswa entimidasyon ki gen rapò ak imigrasyon
- Kondisyon travay ki pa an sekirite oswa ki danjere



KONNEN RÈG JEU A ANVAN KOU D'ANVWA A

Èske Ou Se Anplwaye oswa Kontratè Endepandan?

Gen kèk patwon ki ka rele travayè yo "kontratè endepandan" pou evite peye lè siplemantè, avantaj, oswa taks yo dwe peye.

Nan Massachusetts, yon patwon dwe satisfè tout twa pati nan **Tès ABC** a pou li ka legalman klase yon moun kòm kontratè endepandan

A. ÈSKE OU LIB POU JWENN PWÒP JEU PA W?

Travayè a dwe lib anba kontwòl ak direksyon patwon an.

Poze tèt ou kestyon sa yo:

- Èske yon moun kontwole orè travay ou?
- Èske yo ba ou zouti oswa ekipman pou fè travay la?
- Èske yo toujou ap siveye travay ou byen pre?

Si repons lan se wi, ou ka an reyalite se yon anplwaye dapre lalwa.

B. ÈSKE TRAVAY OU FÈ A DEYÒ AKTIVITE PRINSIPAL KONPAYI AN?

Travay la dwe diferan de sa konpayi an fè nòmalman.

Egzanp:

- Yon konpayi netwayaj ki anboche moun pou netwaye
- Yon konpayi livrezon ki anboche chofè
- Yon restoran ki anboche sèvè

Travayè sa yo souvan fè pati aktivite prensipal biznis la epi yo ka konsidere kòm anplwaye olye de kontratè endepandan.

C. ÈSKE OU GEN PWÒP EKIP PA W?

Travayè a dwe gen pwòp biznis endepandan li ki fè kalite travay sa a.

Poze tèt ou kestyon sa yo:

- Èske ou fè piblisite pou sèvis ou poukont ou?
- Èske ou travay pou plizyè kliyan diferan?

Si se pa sa, lalwa ka konsidere ou kòm yon anplwaye

KONNEN DWA OU SOU TEREN AN

Anplwaye yo ka gen dwa pou resevwa:

- Peman lè siplemantè (overtime)
- Pwoteksyon salè minimòm
- Konje maladi peye
- Konpansasyon travayè si yo blese nan travay
- Benefis chomaj
- Pwoteksyon kont revanj oswa represay

SOVE PRÈV YO ANVAN REVI VIDEYO A

Si gen yon pwoblèm, kenbe tout enfòmasyon ki ka ede pwouve sa ki te pase:

- Ekri lè ou travay yo
- Sove orè travay ou
- Kenbe fich pèman ak dosye salè yo
- Konsève kopi kontra oswa akò travay ou
- Pran foto kondisyon travay ki pa an sekirite
- Sove imèl oswa mesaj tèks ki gen menas ladan yo

SA SE YON KATON WOUJ NÈT

Siy Eksplwatasyon Travay ak Trafik Moun

Trafik travay ak eksplwatasyon ka rive nan anpil kalite travay, tankou:

- Restoran
- Otèl ak endistri ospitalite
- Sèvis netwayaj
- Konstriksyon ak amenajman teren
- Swen pou timoun, granmoun aje, oswa moun ki bezwen asistans
- Travay livrezon
- Travay tanporè pou evènman espesyal

Fè atansyon si:

- Yon moun kenbe paspò ou oswa kat idantifikasyon ou
- Yo menase w si ou vle kite travay la oswa ou pè konsekans grav
- Yo pa kite w pran repo
- Yo fòse w travay anpil èdtan san limit
- Ou dwe anpil lajan bay patwon ou
- Yo te fè w pwomès ki pa t vre pou fè w aksepte travay la
- Ou pa gen kontwòl sou lajan ou touche oswa yo kenbe salè ou
- Ou rete kote ou travay la nan move kondisyon
- Yon lòt moun toujou pale pou ou epi li pa kite ou pale pou tèt ou
- Ou santi yo toujou ap siveye w, ou pa an sekirite, oswa yo menase w ak kestyon imigrasyon



KENBE KONTWÒL DOKIMAN PA W YO



LÈ GWO MATCH LA VIN NAN VIL LA

Gwo fet espòtif yo souvan ogmante bezwen pou:

- Travayè konstriksyon
- Travayè otèl ak ospitalite
- Travayè restoran
- Ekip netwayaj
- Ajan sekirite
- Travayè livrezon
- Travayè transpò
- Travayè tanporè pou evènman yo

Menm lè gen anpil travay ak anpil moun nan vil la, sa pa vle di patwon yo ka inyore lwa travay yo.



PA GEN PLAS POU TRAVAY FÒSE NAN BÈL JEU SA A



KITE AGRESYON AN SOU TEREN AN

Vyolans Domestik ak Sekirite Kominote a

Vyolans, menas, arasman, abi, ak fòse yon moun fè bagay kont volonte li pa janm fè pati jwèt la.

Men kèk siy pou veye:

Ou merite:

- Yon moun toujou ap kontwole sa w ap fè
- Yo izole w ak fanmi oswa zanmi w
- Yo menase oswa entimide w
- Yo kontwole telefòn ou oswa kote ou ale
- Yo kontwole tout lajan an
- Yo joure w oswa imilye w
- Yo fòse w fè bagay seksyèl ou pa vle fè
- Yo fè w mal fizikman
- Sekirite
- Sipò
- Konfidansyalite
- Pwoteksyon legal
- Aksè ak sèvis ak resous



KIT OU LAKAY OU OSWA LÒT BÒ A, TOUT MOUN MERITE SEKIRITE



KONNEN OPSYON OU YO

Pwoteksyon Imigrasyon pou Moun ki Viktim Abi oswa Eksplwatasyon

Gen kèk moun ki sibi vyolans, trafik moun, eksplwatasyon, oswa lòt fòm abi ki ka kalifye pou pwoteksyon imigrasyon. Chak sitiyasyon diferan. Se poutèt sa li enpòtan pou pale ak yon avoka imigrasyon pou konnen ki opsyon ki ka disponib pou ou.

U-VISA

Gen kèk moun ki viktim sètèn krim epi ki sibi gwo domaj fizik oswa emosyonèl ki ka kalifye pou yon U-Visa. Nan kèk ka, yon moun ka kalifye si li te viktim yon krim epi li ede oswa dispoze ede lapolis oswa lòt otorite nan ankèt la.

T-VISA

Gen kèk moun ki viktim trafik travay oswa trafik seksyèl ki ka kalifye pou yon T-Visa. Trafik moun ka rive menm si yon moun te dakò ak yon travay okòmansman men pita yo te manipile li, menase li, twonpe li, oswa eksplwate li.

VAWA

Lwa sou Vyolans Kont Fanm yo (VAWA) pèmèt kèk moun ki sibi abi jwenn pwoteksyon imigrasyon poukont yo, san yo pa bezwen depann sou moun ki t ap fè yo abi a.

SIJS

Estat Espesyal pou Jèn Imigran (SIJS) ka ede kèk timoun oswa jèn imigran ki sibi abi, neglijans, oswa abandon epi ki pa kapab retounen viv an sekirite ak youn oswa toude paran yo.



OU GEN DWA, KÈLKESWA ESTATI IMIGRASYON OU



Ou ka toujou gen opsyon menm si:

- Ou pa gen papye oswa ou pa gen otorizasyon travay kounye a
- Ou se yon viktim oswa yon temwen yon krim
- Eitati imigrasyon ou depann de yon lòt moun

PWOTEJE KAMARAD OU YO ANDEYÒ TEREN AN

Si W Enkyete W Pou Yon Moun

Ou pa oblije konnen tout bagay pou ede yon moun. Men genyen bagay ou ka fè:

- Dokimante sa ki te pase lè sa pa mete ou oswa lòt moun an danje (ekri nòt, pran foto, oswa videyo)
- Pataje enfòmasyon ak resous epi ede moun nan jwenn sèvis ak sipò
- Rele 911 si yon moun an danje imedyat



BAY YON BON PAS



SIYALE FOT LA

Resous ak Kote Pou Chèche Èd

Rele 911 si yon moun an danje imedyat.

- **Liy Dirèk Nasyonal Kont Trafik Moun** (888-373-7888). Text 233733.
Email: humantraffickinghotline.org
- **Rapòte Yon Pwoblèm Nan Travay**
 - Divizyon Travay Jis nan Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts (617-727-3465) and mass.gov/ago/wagetheft
 - Brazilian Worker's Center (617- 783-8001)
 - MassCosh (617-505-8939) and info@masscosh.org
- **Resous Pou Vyolans Domestik**
 - SafeLink Massachusetts (877-785-2020)
 - Jane Doe Inc. (617-248-0922) and <https://jdi.coalitionmanager.org/contactmanager/contact/publicdirectory>
- **Chèche Èd Legal**
 - Asian Task Force Against Domestic Violence (617-338-2355)
 - Casa Myrna (617-521-0146)
 - Greater Boston Legal Services (617-371-1234)
 - Lawyers for Civil Rights (justice@lawyersforcivilrights.org)
 - Mabel Center (617-417-4325)

FAIR PLAY OFF THE PITCH

Chak travayè merite diyite.

Chak moun ki sibi abi oswa eksplwatasyon merite sekirite.

Chak kominote merite pwoteksyon.

Dwa sivil se pou tout moun.

Sekirite. Diyite. Kominote. Dwa Sivil.